айрылыўы себепли үлкен тәш-үйишке, қайғыға түскенлиги көринип тур. Бул жағдайларға қаҳарманлар қаншелли дәрежеде ашынады. Олардың туўылған жерге, Ўатанға сүйис-пеншилиги, оған деген садықлығы усын-дай хошласыў арқалы да берилген.

**Әдебиятлар**


1. Сағитов И. Әдебият тарийхын қайсы дәуирден баслаў керек? «Әмиўдәрья» № 11. 1968
2. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.
3. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1996, 4-бет.
4. Бердиев Р. Жыршылық дәстүр. -А.: 1980, 42-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқларнинг қадимий қўшиқларининг ижро этилганлиги сўз этилади. Қорақалпоқ фольклорида халқ қўшиқларининг аждодларимиздан меърос бўлиб келаётган этнофольклорлик оғзаки ижод намунаси.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится, что свадебные песни в древнем и современном процессе каракалпаков исполняются с импровизационной программой. Разновидность программных песен в каракалпакском фольклоре, представляет собой образец этнофольклорного устного творчества, унаследованного от наших предков.

**SUMMARY**. The article says that wedding songs in the ancient and modern process of the Karakalpaks are performed with an improvisational program. A type of program songs in Karakalpak folklore, the program is an example of ethno-folklore oral creativity inherited from our ancestors.


## Ә.ТӘЖИМУРАТОВТЫҢ «АЙДЫНЛАР», «ГӨЗЗАЛ» ҚОСЫҚЛАРЫ ҲАҚҚЫНДА


**Г.Мунтеева –** *профессор*

*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдениат институты*

*Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** қўшиқчилик санъати тарихи, бастакорлар, музыка, оратория.

**Ключевые слова:** история песенного творчество, композитор, музыка, оратория.

**Key words:** history sing songs, compouser, music, orotory.


Ә.Тәжимуратов поэзиясы идеялық-тематикалық жақтан жүдә кең, туўылған жер, ана Ўатан, халық, тәбият, тынышлық, дослық, муҳаббат, дидактикалық, философиялық ҳәм т.б. темадағы қосықлар шайыр дөретиў-шилигиниң тийкарын қурайды. Лекин шайыр қайсы теманы жырламасын «шайыр болыў шәрт емес, азамат болыў ўазыйпаң» деген идеяға садық болып қалады, бул идея шайырдың «Өтиниш» қосығында айқын сәўлелениўин табады.

Шайыр шайыр болып, шайырман десин,
Тыңлаўшысы тыңлап, қайылман десин,
Гәпти аўыр алмай, есиңде сақла,
Сөзиңди өлшеп айт, өзиңди бақла,
Қәне, ислериңе қайыл қалайық,
Алды менен азамат бол, ылайық!

Шайыр Ә.Тәжимуратовтың поэзиясында ана Ўатан темасын жырлаўға айрықша итибар қаратылады, әсиресе, шайырдың «киши ўатанына», яғный Арал теңизи жағалаўлары менен Мойнаққа болған иззет-ҳүрмети өз алдына десек қәтелеспеймиз. Усы тема шайырдың «Ассалам», «Ақ қуў», «Шағала», «Мулайым Арал», «Асаў Арал», «Сен болмасаң Аралым», «Аралдың толқынлары» қосықларында сәўлеленеди. Бул тема раўажлана келе «Айдынлар», «Гөззал» қосықларында муҳаббат темасы менен де ушласып кетеди.

«Айдынлар» балық аўлаўға кеткен ярын сағынған қыздың қосығы ғана болып қалмастан, туўған елге болған сағынышты да жеткерип бере алады, сол ушын болса керек туўған елинен алысларда жүрген жерлеслеримиздиң өз ўатанына болған сағынышын сәўлелендириўши қосық сыпатында «Айдынлар» қосығы халық арасында жүдә кең тарқалып, ҳәттеки жаслардың гимни дәрежесине де көтерилген. «Айдынлар» қосығының лирикалық қаҳарманы, яғный ярын күткен қыздың образы бәршемизге жүдә жақсы таныс, оны көз алдымызға елеслете аламыз, шайыр усы қыздың сүйген ярының образына да дыққат

аўдарып, «Гөззал» ямаса балықшы жигит қосығын дөретеди.

Балық туттық Арал теңиз ишинде,
Сен турасаң гүл-гүл жайнап есимде,
Әйне бүгин толған айдың кешинде,
Асығаман саған жеткенше гөззал.
Гөззаллар ишинде өзиңсең жаным,
Өзиңсең тербелткен жүрегим тарын,
Муҳаббатым сенсең, сен аҳыў-зарым,
Асығаман саған жеткенше гөззал.

Бул қосық «Айдынлар» қосығына жуўап сыпатында жазылғандай көринеди. Шайыр Ә.Тәжимуратов «Айдынлар» қосығын 1969-жылы сентябрь айында дөреткен болса, «Гөззал» қосығын сол жылы октябрь айында жазады. Демек, бул еки қосықты бир система, бири екиншисин толықтыратуғын шығармалар сыпатында таллаў арқалы муҳаббаттың шырайлы картинасы, яғный теңиз жағасында ярын сағынышлы күткен гөззал қыз ҳәм оған жеткенше асығып киятырған ашық жигит көз алдыңа елеслейди, усы жерде Әжинияз дөреткен «Гөззаллар» деген қосығын оқый отырып, Әжинияз дәўиринде жасаған қарақалпақ қызларының портретин сызыў мүмкин деген художниклердиң пикирлери есимизге келеди, сондай-ақ, рус жазыўшысы А.Гринниң «Алые паруса» деген повестиниң қаҳарманы Ассольдиң теңиз жағасында «қызыл желқомлы» үлкен кемеде келетуғын шахзадасын күтиў картинасы есимизге түседи. Әлбетте, бундай көринисти қосық арқалы жеткерип бериў шайырдың шеберлигин көрсетеди.

Шайыр Ә.Тәжимуратов «Сен сулыў» деген қосығында дүнья гөззаллығының неде екенлигин түсинбекши болады, сол ушын лирикалық қаҳарман:

Сулыў өзи-қай жер екен?
Ким екен?
Кайсы бири:
-Мен сулыўман!-дер екен?- деп ҳақыйқатлықты излейди.

Бул сораўға жуўап излеген лирикалық қаҳарман дәслеп ана тәбият, яғный шайыр ушын ең жақын болған, оның туўған жери Арал теңизи гөззал, Үстирттен шаўып келип Аралдан суў ишкен марал сулыў деп жанлы тәбияттың сулыўлығын тәрийиплей келе, төрт мәўсимниң алмасыўы, ҳәр бир мәўсимниң өзиниң орны, өзиниң шырайы бар екенлигин жырлайды. Бул пикирди мына қатарлар тастыйықлайды:

«Жыл ишинде бәҳәр сулыў, жаз сулыў», яки
Жыл ишинде ақ қыраўлы қыс сулыў,
Көрер көзге иштен гөре тыс сулыў,
Шайырының йош-илҳамын шалқытқан,
Бәринен де мол қырманлы гүз сулыў.

Лирикалық қаҳарманның ойлары «мийнет палы татлы» деген идея менен ушласып, инсан мийнетиниң күши менен пайда болған ҳәм оны дөреткен батырды, келешек әўлады ушын нур болып, урпағына ақыл-нәсияты менен күш-қуўат бағышлаған ақсақаллы атаны сулыў деген пикирге келип, адамды инсан дәрежесине көтериўши мийнетти жырлайды.

Пахта сулыў, салы сулыў ырғалған,
Батыр сулыў халық аўзында жыр болған.
Сулыў,-дейди, ақ сақаллы ғаррыны,
Әўладына өшпейтуғын нур болған.

Шайырдың «Аққан дәрья елдиң бахты қусайды» деген қатарлары да бийкарға пайда болмаған, ол өзи ушын, халқы ушын қәдирли болған Арал теңизиниң жағдайы туўралы алдыннан-ақ қайғырған, Арал менен байланыслы болған экологиялық кризисти де көре билген, сол ушын ел бахты дәрья менен байланыстырылады. Ал «Ел кереги нурлы жақты қусайды» деген қатарлары арқалы болса, ата-бабаларымыз әсирлер даўамында әрман еткен, бүгинги күни биз ийе болған елимиздиң ғәрезсизлиги менен байланыслы «нурлы жақты» болса керек. Соның менен бирге шайыр «Тынбай соққан жүрек сулыў қусайды» деген қатарлары арқалы перзентлеринде даўамын табатуғын, ата-бабаларының жақсы ислерине, идеяларына садық болатуғын жүреги тынбай соғыўшы инсанды улығлайды, шайыр инсан тиришилиги ҳаққында ой жуўыртып, кешеги күни өткен ата-бабаларымыздың ислеген мийнетлери, хызметлери, идеялары бүгинги күни үйренилип, даўамланып атырған болса, келешекте бул ислер бүгинги жаслар тәрепинен раўажландырылып, жер бетиндеги тиришилик тынбай соғатуғын жүрек сыяқлы мәңгилик болып қалады.

Шайырдың усы қосығының ең соңғы куплети «Жер қайысқан бағ-бақшалы ел сулыў» деген қатарлар менен басланып, инсан ушын туўылған ели қәдирли делинген болса, «Ели ушын хызмет еткен ер сулыў» деген қатарларында Бердақ шайырдың «Жигит болсаң арысландай туўылған, Хызмет еткил удайына халық ушын» деген дидактикалық идеясын раўажландырып, ели ушын хызмет еткен инсанның гөззаллығын көре билип, жәнe бир мәртебе «азамат болыў ўазыйпаң» деген идеяны тәкирарлайды.

Косық жүдә оригинал түрде жуўмақланады:
«Жас бөбекти ҳәййиў айтып жубатқан,
О, анажан, бәринен де сен сулыў!»

Шынында да, ҳәр қандай гөззаллық, сулыўлық инсан тәрепинен дөретилетуғын болса, ол инсанды дүньяға келтириўши ҳәм тәрбиялаўшы ана екенлиги даўсыз! Демек, лирикалық қаҳарман өзи излеген ҳақыйқатлықты табады, дүньяда бәринен де ана сулыў деген жуўмақ жасайды, бул шайырдың аналарға берген баҳасы, аналарға арнаған гимни деп ойлаймыз.

Жуўмақластырып айтқанда, шайыр Ә.Тәжимуратов ХХ әсир қарақалпақ поэзиясында өз орнына, өз ҳаўазына ийе талант ийеси болып табылады.

**Пайдалылған әдебиятлар**

1. Оразымбетов Қ. Қосық теориясы. Тошкент. Алишер Навоий номидаги Ўзбекистон Миллий кутубхонаси нашириёти. 2010.
2. Генжемуратов Б. Поэзия - бул илаҳий дүнья. «Әмиўдәрья», 1991, № 2, 122-124-бетлер.
3. Оралбаева Ү. Лирикалық қаҳарман образы.// «Қарақалпақ әдебияты», №11(135), 2013, ноябрь.

**РЕЗЮМЕ.** Бу мақолада мусиқа ва қўшиқчилик санъати ҳақида сўз боради.
**РЕЗЮМЕ.** В этои статье говориться о развитие музыки и песенного творчество.
**SUMMARY.** In this article is spoken about development music and songs.

## МУЗЫКА МӘДЕНИЯТЫ ҲӘМ КӨРКЕМ ӨНЕР ТАРИЙХЫНДА ФОРТЕПИАНО САЗ ӘСБАБЫНЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

**М.Б.Насыров** – *үлкен оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таяныш сөзлери:** қәлиплестириў, дөретиўшилик активлик, класс оқыўшылары, фортепиано пәни сабақлары.
**Ключевые слова:** формирование, творческая активность, школьники, уроки фортепиано.
**Key words:** formation, creative activity, older schoolchildren, piano lessons.

Дүнья музыка көркем өнери тараўы музыка арқалы өз-ара пикир алмасады, буған байланыслы журтымызда да ҳәўес қылса арзыйтуғын жумысларды көремиз. Бүгинги күнде келешегимиз жасларға миллий идеологиямыз руўхында тәрбиялаў ҳәм де көркем өнер ҳәм көркем дөретиўшилик арқалы жаслардың руўхый дүньясын қәлиплестириў зәрүрли ўазыйпалардан бири есапланып, жас әўладты ҳәр тәреплеме саў-саламат ҳәм бәркамал етип тәрбиялаў ушын искерлигимизди жаңа басқышқа көтериў кереклигин Өзбекстан Республикасы Президенти Ш. М. Мирзиёевтиң дерлик ҳәр бир сөзинде, ҳәр бир ушырасыўларында айтады. Жаслар руўхыяты, тәрбиясы, жетик қәниге таярлаў мәселеси зәрүрли болып есапланады, себеби руўхыятсыз унамлы жетискенликлерге ерисип болмайды. Тек ғана руўхый ҳәм билимлендириў дүньяға көз-қарасы беккем болған жаслар ғана келешекте күшли социал жәмийети жүзеге келеди. Ҳәр бир тараўда жоқары нәтийжелерге ерисиў, жаңа шыңларға жетисиў, Ўатанымыз гүллениўине мүнәсип үлес қосыў ҳәр биримиздиң муқаддес миннетимиз. Журтымыздың музыкалық турмысы, оның өткен замандағы даңқлы тарийхы ҳаққында сөз кеткенде “Устаз-Шәкирт” дәстүрлеринен еслеўимиз керек. Мине сондай қайырлы ислерди даўам еттириў мақсетинде билимлендириў тараўына, атап айтқанда, музыка көркем өнери тараўына жоқары итибар қаратылып атыр. Бәркамал әўладты тәрбиялаўда жаслардың дөретиўшилик қәбилетин өсириў, ғәрезсиз пикирлеў, илимий тәжирийбелерин раўажландырыў үлкен әҳмийетке ийе. Руўхый байлық дегенде әлбетте, илим, мәдeният, көркем өнер, әдебият, тарийхты түсинемиз.

Музыка мәдeнияты ҳәм көркем өнер тарийхында фортепиано саз әсбабының әхмийети ҳаққында сөз етсек. “Фортепиано” пәни барлық атқарыўшылық қәнигеликлери ушын улыўма кәсиплик пән есапланып, ол – “Музыка теориясы”, “Гармония”, “Сольфеджио”, “Музыкалық дөретпелерди талықлаў” сыяқлы ҳәм тағы да басқа пәнлер менен өз-ара тығыз байланыслы. Усы атап өткен пәнлерди өзлестирген қәниге де атқарыўшылық көнликпелери жәнe де кең ҳәм